



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ TRANSFÒMASYON ESTASYON WOUT RAY PORT JERVIS METRO-NORTH LA

Estasyon an aksesib konplètman kounye a epi li bay yon sansasyon modèn ak desen platfòm ki modènize ki enkli nouvo desen ki enspire pa istwa Port Jervis la

Foto yo Disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon pwojè ki te transfòme estasyon Port Jervis la, ki rann li aksesib epi bay li yon sansasyon ki pi modèn, pandan kliyan yo ap retounen nan wout ray la. Transfòmasyon anwo anba nan estasyon tèminis nan Lwès Hudson lan te enkli konstriksyon yon platfòm longè yon machin tren, yon ranp an beton ki mennen soti nan paking lan rive nan platfòm nan, ak yon nouvo twotwa.

"Transpò nan tren nou an se sa ki kenbe ekonomi rejyon metwopoliten an ap vanse pou pi devan, se poutèt sa nou kontinye investi nan modènizasyon ak ekspansyon sistèm nan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou modènize estasyon tankou Port Jervis, sa ap pèmèt nou kontinye retou nou soti nan pandemi an epi rete konpetitif ekonomikman alontèm."

Amelyorasyon yo te fèt tou nan paking ki egziste a pou pèmèt aksè ki pi fasil nan platfòm nan. Yo te remodle ovan platfòm nan ak yon plafon an bwa modèn ak yon siyalizasyon estasyon elegan. Lòt mizajou yo enkli nouvo ban avèk pò USB, nouvo kyòsk LCD ak kamera sekirite pou amelyore sekirite nan estasyon an.

Anplis, yon nouvoabri pou pasaje an vit te konstui sou platfòm nan, epi li genyen zèv atistik ke MTA Arts & Design te kòmande, epi ki enspire pa istwa rich Port Jervis. Zèv atistik la ki gen tit *Boat House Buggy (Buggy, Kay Bato a)* te òganize avèk swen pa ilistratè ak grafis,, Armando Veve epi fabrike pa Tom Patti Design. Zèv atistik Veve se aboutisman rechèch pwofon sou Port Jervis epi ki prezante senbòl, objè, fòm achitekti ak endistri enpòtan istwa vil la. Menajri natirèl an vit ak sèn mekanik yo sèvi kòm yon antre dinamik nan estasyon an ak pwen enspirasyon pou vizitè yo ak kominote Port Jervis a.

"Lè nou bay pi bon eksperyans navèt ki posib, sa ap oryante rezidan Konte Orange yo plis pou pran wout ray la nan Vil New York," **te deklare Catherine Rinaldi, Prezidan Metro-North Railroad.** "Soti nan mizajou aksè a rive nan desen byen panse a ki kapte

istwa vil la, kliyan Port Jervis yo genyen kounye a yon estasyon k ap sèvi yo fyèman pandan deseni k ap vini yo."

"Kliyan Port Jervis k ap retounen nan depasman yo ka konsidere itilize yon estasyon ki pi aksesib epi enklizif, ki ka atire nouvo kliyan tou nan sistèm nou an," **te deklare Quemuel Arroyo, Responsab Aksè MTA a.** "Asire ke nou reponn ak bezwen kliyan nou yo, se yon objektif prensipal nan MTA epi chak estasyon ki aksesib nou mete anliy, se yon etap nan direksyon sa."

"Arts & Design kontan pou prezante *Boat House Buggy* nan Port Jervis, yon vil ki anbrase istwa rich li a," **te deklare Sandra Bloodworth, Direktè MTA Arts & Design.** "Zèv atistik la dinamik epi ekstrèmman detaye. Rechèch pwofon sou Port Jervis pa Veve te transfòme an desen ekski, ki reprezante pase ak prezan Vil la, epi nou espere k ap enspire jenerasyon k ap vini yo."

Achèvman pwojè a rann estasyon an konfòm ak ADA kounye a epi bay kliyan Port Jervis yo yon estasyon ki modènize. Nouvo ranp lan te konplete pa yon platfòm ki gen longè yon machin tren ki fèk konstui, k ap mèmèt aksè transparan soti nan paking lan, rive nan platfòm lan ak nan tren an.

Anvan pandemi an, estasyon Port Jervis la te sèvi apeprè 200 pasaje an mwayèn nan jou nan semèn nan, 150 yon jou samdi mwayen ak 230 yon dimanch an mwayèn. Dènyèman, depasman yo te monte soti nan ès pandemi yo a apeprè 35 a 40 pousan nivo anvan pandemi yo.

Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare, "Mwen vle remèsye MTA a pou travay dilijan li pou fini travay enpòtan sa pou amelyore Estasyon Port Jervis la. Mizajou sa yo ap amelyore aksesibilite pou rezidan yo, ki enkli moun ki gen enfimite, epi amelyore depasman pou pasaje ak vizitè yo. Sa se yon opòtinite ki pasyonan pou Port Jervis epi l ap rann vil la pi aksesib toujou pou vwayajè ki soti toupatou nan rejyon an."

Majistra Port Jervis Kelly B. Decker te deklare, "Se avèk yon antouzyas absoli pou wè Estasyon Ray Tren Metro North la reouvri nan Port Jervis. Etablisman modèn sa, sèl estasyon ki sitiye nan lwès Hudson, pa sèlman atire zye men sa ki pi enpòtan, li aksesib nèt pou moun ki andikape. Yon investisman tankou sa montre angajman alontèm Metro-North pou kontinye sèvi liy sa ak gran vil nou an. Nouvo estasyon an menm genyen touch pèsònèl atistik li ki te kreye pou vil nou an. Nan non moun Vil Port Jervis, nou 'Remèsye' Metro-North ak lòt yo ki te an mezi pou fè pwojè sa konplete."

Senatè Michael Martucci te deklare, "Liy Port Jervis la se kle nan libète mouvman fanmi ak moun k ap travay nan distri mwen an. Investisman sa nan Estasyon Port Jervis la ap amelyore sekirite ak sèvis pou tout kliyan yo, ki enkli sila ki gen enfimitey yo, epi mwen remèsye Metro-North pou angajman kontinye yo nan enfrastrikti transpò rejyon nou an."

Manm asanble Karl Brabenec te deklare, "Aprè plizyè ane travay di, mwen kontan pou wè kisa nou te an mezi pou akonpli pou estasyon Port Jarvis la. Pandan tout pwosesis la, mwen te travay bò kote manm kominote ki soti nan tout konviksyon politik ak tou orizon pou kenbe pwojè sa pou fè kominote nou an avanse pi byen. Se pou sa bon gouvènman egziste. Nouvo platfòm wo nivo pou ede nan anbakeman an, ranp ki modènize pou pasaje ki andikape yo, ak ovan ki dekore byen bèl ak abri pou pasaje yo se testaman kisa nou ka akonpli lè gouvènman an travay pou pèp la."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)